

ATANSYON: ELÈV, PARAN, RESPONSAB AK PÈSONÈL SWAYAN

## **APATI ANE ESKOLÈ 2023/24, YO PÈMÈT ELÈV YO POTE SÈLMAN SAKADO AK SAK TRANSPARAN SOU KANPIS LEKÒL YO**

Nan kad efò kontini Lekòl Piblik Broward County ap fè pou founi anviwonman aprantisaj ki ofri sekrite, apati ane eskolè 2023/24, **SÈL SAKADO AK SAK KI TRANSPARAN OTORIZE POU ELÈV NAN TOUT KLAS.**

Aksyon prevansyon sa ap antre anvigè pou ane eskolè 2023/24 depi premye jou lekòl ap louvri – Lendi, 21 Out, 2023. Apati dat sa menm, SÈL saklekòl ak sak ki transparan (sakamen, sak espò/duffel bags, sak senti/fanny packs, bwat lench, etc.) ap otorize sou kanpis lekòl yo pou elèv k'ap fè klas preskolè rive 12zyèm ane.

Men esepsyon ki otorize:

- Yon ti sak ki pa-transparan pou atik ijyèn pèsonèl.
- Resipyan pou kenbe manje cho, ki transpòte nan bwat a lench transparan.
- Yon sak espesifik pou transpòte ekipman espò, ke lekòl la apwouve.
- Yon sak espesifik pou transpòte enstriman mizik, ke lekòl la apwouve.

**Tout saklekòl ak sak dwe transparan.  
Saklekòl an may epi kolore PA otorize, menmsi yo transparan.**

**Egzanp sakado/saklekòl ak sak ki apwouve:**



**Pou plis enfòmasyon, vizite [browardschools.com/clearbackpacks](https://www.browardschools.com/clearbackpacks).**



**The School Board of Broward County, Florida** Lori Alhadeff, Chair • Debra Hixon, Vice Chair • Torey Alston • Brenda Fam, Esq. • Daniel P. Foganholi  
Dr. Jeff Holness • Sarah Leonardi • Nora Rupert • Dr. Allen Zeman • Earlean C. Smiley Ed.D., Interim Superintendent

School Board of Broward County, Florida, entèdi tout regleman oswa pwosedi ki lakòz diskriminasyon sou baz laj, koulè po, andikap, idantite seksyèl, espresyon seksyèl, eta sivil, nasyonalite, ras, relijyon, sèks oswa oryantasyon seksyèl. School Board bay Boy Scouts ak lòt gwoup ki deziye, aksè egal. Moun ki vle pote plent kont diskriminasyon ak/oswa arasman, ka rele Direktè, Equal Educational Opportunities/ADA Compliance Department & District's Equity Coordinator/Kodonatè Title IX Coordinator nan nimewo 754-321-2150 oswa Teletype Machine (TTY) 754-321-2158. Dapre amannman lwa 2008, Americans with Disabilities Act Amendments Act of 2008, (ADAAA), moun andikape ki bezwen akomodasyon ka rele Equal Educational Opportunities/ADA Compliance Department, nan nimewo 754-321-2150 oswa Teletype Machine (TTY) 754-321-2158. [browardschools.com](https://www.browardschools.com)

## **KESYON YO POZE SOUVAN APATI ANE ESKOLÈ 2023/24 SAKADO AK SAK DWE TRANSPARAN**

### **Ki kalite saklekòl ak sak transparan ki otorize?**

Tout saklekòl ak sak dwe transparan epi fabrike ak yon materyèl plastik oswa vinyl epi sak la pa dwe gen okenn pati opak oswa tente. Saklekòl oswa sak la ka gen pòch soukote an may, men saklekòl ki fèt an may pa otorize.

### **Kisa ki ka rive si yon elèv gen yon saklekòl oswa sak ki pa apwouve?**

Elèv ki pa konfòme yo ajan sekirite ap kontwole epi lekòl la ka pran aksyon disiplinè ki apwopriye.

### **Osijè atik ijyèn pèsònèl?**

Yon ti sak ki pa transparan otorize pou atik ijyèn pèsònèl.

### **Ki kalite bwat a lench ki apwouve?**

Tout bwat a lench dwe transparan epi fabrike ak materyèl plastik oswa vinyl transparan. Elèv yo ka pote resipyan pou kenbe manje cho/frèt. Yon tèmòs pou bweson cho/fret otorize. Estoke atik sa yo nan yon bwat lench transparan oswa sak transparan.

### **Ki kalite sak ki apwouve pou ekipman espò?**

Elèv-atlèt blije pote sak espò/duffel bags ki transparan pou transpòte ekipman espò yo nan lekòl la. Esepsyon: Baton (softball/baseball) epi baton lacrosse ka transpòte nan sak espesifik, lekòl la apwouve.

### **Ki kalite sak ki apwouve pou enstriman mizik?**

Transpòte enstriman mizik nan yon sak espesifik ke lekòl la apwouve.

### **Èske manm estaf ka itilize saklekòl ak sak transparan?**

Estaf ak pwofesè egzante pote sakado transparan.

### **Èske volontè yo ka pote saklekòl ak sak transparan?**

Non, sèl elèv dwe respekte egzijans pote saklekòl ak sak transparan.

### **Èske vizitè nan lekòl la ka pote sakado ak sak transparan?**

Pèsònèl lekòl ak volontè yo, vizitè pap bezwen swiv egzijans pote sakado ak sak transparan.

**Pou plis enfòmasyon, vizite [browardschools.com/clearbackpacks](https://www.browardschools.com/clearbackpacks).**